**दिन–बुध वार** **दिनांक–24.09.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्र सरकार बख्तियारपुर–राजगीर–तिलैया रेल लाइन के दोहरीकरण के मंजूरी दऽ देलक अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कँे अध्यक्षता मे आइ नव दिल्ली मे केन्द्रीय कैबिनेट के बैसार मे एहि लेल दू हजार एक सय बिरानवे करोड़ टाकाक राशि स्वीकृति कयल गेल। केन्द्रीय मंत्री अश्विनी वैष्णव कहलनि जे एहि सँ राज्यक प्रमुख धार्मिक आओर संस्कृति स्थलक बीच संपर्क बढ़त। जाही सँ पर्यटन के सेहो बढ़ावा भेटत।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार रोहतास जिला मुख्यालय सासाराम मे आयोजित कार्यक्रमक दरमियान जिलाक विभिन्न विकास योजना सभक उद्घाटन आ शिलान्यास कयलनि। श्री कुमार जीविका समूह आ विभिन्न विभागक तहत चलाओल जा रहल कल्याणकारी योजना के लाभार्थी सभसँ भेट कयलनि। एहि अवसर पर उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ राज्य सरकारक कतेको मंत्री आओर आन गणमान्य लोक सभ उपस्थित छलथि। ओतहि, मुख्यमंत्री फैजलगंज स्थित नव स्टेडियम मे आयोजित एनडीए कार्यकर्ता सम्मेलन मे सम्मिलित भेलथि।

---

महागठबंधन दिस सँ आइ पटना मे अति पिछड़ल न्यायिक संकल्प पत्र जारी कयल गेल। पत्र मे अति पिछड़ल वर्गक लेल पंचायत आओर नगर निकाय सभ मे बीस प्रतिशत आरक्षण के बढ़ाकऽ तीस प्रतिशत करबाक वादा समेत दस प्रमुख वादा सेहो कयल गेल। कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे लोकसभा मे नेता प्रतिपक्ष राहुल गांधी आओर विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी यादव, वीआईपी प्रमुख मुकेश सहनी आओर वामपंथी दलक वरिष्ठ नेता समेत इंडिया गठबंधनक सहयोगी सभ संयुक्त रूप सँ ई संकल्प पत्र जारी कयलनि।

---

कांग्रेस पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे कहलनि अछि जे एहि बेरक विधानसभा चुनाव नहि केवल बिहारक लेल बल्कि पूरा देशक लेल मीलक पाथर साबित होयत। ओ कहलनि जे बिहार सँ मोदी सरकार के शासनकालक उल्टा गिनती शुरू होयत। पटना मे कांग्रेस प्रदेश मुख्यालय सदाकत आश्रम मे आयोजित पार्टीक कार्यसमितिक बैसार के संबोधित करैत श्री खड़गे कहलनि अछि जे बिहारक जनता भाजपाक धार्मिक ध्रुविकरण नहि चाहैत अछि बल्कि विकास केन्द्रित राजनीति चाहैत अछि। ओ आरोप लगौलनि जे चुनाव आयोग मतदाता सूची सँ हेरफेर कऽ रहल अछि। कांग्रेसक राष्ट्रीय अध्यक्ष कहलनि जे चुनाव आयोगक निष्पक्षता आओर पारदर्शिता पर सवाल उठ रहल।

———————————————————————————

असदुद्दीन ओवैसी के पार्टी एआईएमआईएम राज्य मे चारि दिवसीय सीमांचल न्याय यात्रा कऽ रहल अछि। श्री ओवैसी आजुक यात्रा मे भाग लेबाक लेल किशनगंज के कोचाधामन, ठाकुरगंज, बहादुरगंज आओर किशनगंज विधानसभा क्षेत्र मे अलग–अलग सभा सभ के संबोधित करतथि। एहि सँ पहिने किशनगंज पहुंचला पर संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री ओवैसी कहलनि जे ओ अखनहुं महागठबंधनक हिस्सा बनबाक लेल तैयार छथि। ओ कहलनि जे महागठबंधनक नेता सभ के तय करबाक छनि ओ हुनका राखय चाहैत छथि वा नहि।

———————————————————————————

निर्वाचन आयोग बिहार के बारह सँ अधिक विधानसभा क्षेत्र सभ मे मतदान प्रतिशत बढेबाक लेल विशेष अभियान चलाओत। एहि क्षेत्र मे पछिला विधानसभा चुनावक दरमियान पचास प्रतिशत सँ कम मतदान भेल छल। मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी विनोद सिंह गुंजियाल कहलनि जे एकर अंतर्गत मतदाता जागरूकता के लऽकऽ स्वीप गतिविधि के संगहि विशेष अभियान चलाओल जायत।

———————————————————————————

प्रदेश के कतेको क्षेत्र मे मॉनसूनी बरखाक सिलसिला जारी अछि। मौसम विभागक रिपोर्टक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्यक दक्षिण–मध्य क्षेत्र सभ मे कतेको स्थान पर भारी बरखा दर्ज कयल। सभ सँ बेसी साठि मिलीमीटर बरखा औरंगाबाद के रफीगंज मे रिकॉर्ड कयल गेल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे आइ उत्तर बिहारक कतेको जिला मे मेघगर्जन, वज्रपात आओर तेज हवाक संगहि किछु स्थान पर मध्य स्तरक बरखा हेबाक संभावना अछि।

———————————————————————

शारदीय नवरात्रक तेसर दिन आइ माँ दुर्गाक चन्द्रघंटा स्वरूपक पूजा–अर्चना कयल जा रहल अछि। मान्यता अछि जे माँ कैँ एहि स्वरूपक पूजा करबा सँ समस्त पाप आओर बाधा दूर होयत अछि आ सौम्यता आओर निर्भयता मे वृद्धि होयत अछि। पूरा वातावरण माँ कैँ गीत आ भजन सँ गुंजयमान आओर भक्तिमय बनल अछि।

———————————————————————

समाप्त भेल।